



Pou Piblikasyon Imedya: 28/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE DONE ANKOURAJAN KI MONTRE ENPAK DEKRÈ SOU VAKSINASYON PÈSONÈL SWEN SANTE A

***Pousantaj vaksen yo te ogmante konsiderableman pandan kat semèn ki pase yo
-- 92% pèsonèl enfimye adomisil te anrèg lendi swa, pa rapò ak 71% anvan***

***92% pèsonèl lopital te anrèg lendi swa dapre done preliminè pèsonèl ki rapòte
yo***

***89% pèsonèl etablisman swen pou granmoun yo konfòm lendi swa, pa rapò ak
77% anvan***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke pousantaj vaksinasyon pèsonèl swen sante yo kontinye ap ogmante nan tout Eta New York, dapre done ki pi resan etablisman swen sante yo te rapòte bay Depatman Sante a (Department of Health). Nouvo enfòmasyon sa vini pandan dekrè sou vaksinasyon pou pèsonèl swen sante nan lopital ak mezon retrèt yo anvigè kounye a.

"Nouvo enfòmasyon sa montre ke se te senpleman bon bagay pou fè pou pwoteje manm fanmi vilnerab ak pwòch nou yo kont COVID-19 la, lè nou rete fèm sou dekrè pou travayè swen sante yo," **Gouvènè Hochul te deklare**. "Mwen kontan pou wè ke travayè swen sante yo ap vaksinen pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite, e m ap kontinye kontwòle devlopman yo epi pare pou pran mezi pou soulaje sitiasyon rate anplwaye potansyèl sa nan sistèm swen sante nou yo."

Gen pwogrè konsiderab ki te fèt depi Gouvènè Hochul te prete sèman nan dat 24 out la, epi pousantaj vaksinasyon pami travayè swen sante yo te kontinye ogmante menm nan dènye semèn anvan dat limit lan.

- Pousantaj pèsonèl mezon retrèt k ap resevwa omwen yon dòz vaksen COVID-19 te ogmante a 92% nan lendi swa, pa rapò ak 71% nan dat 24 out ak 82% nan dat 20 septanm.
- Pousantaj pèsonèl etablisman swen pou granmoun k ap resevwa omwen yon dòz vaksen COVID-19 te ogmante a 89% nan lendi swa, pa rapò ak 77% nan dat 24 out ak 85% nan dat 20 septanm.

- Pousantaj anplwaye nan lopital k ap resevwa omwen yon dòz se 92% nan lendi swa dapre done preliminè ki rapòte yo. Pousantaj moun ki vaksinen nèt se 85% nan lendi swa, pa rapò ak 84% nan dat 22 septanm ak 77% nan dat 24 out.

Depatman Sante a te fè yon ankèt inik pa Sistèm Done Repons Elektwonik sou Sante (Health Electronic Response Data System, HERDS) sou lopital, mezon retrèt, ak etablisman swen pou granmoun nan dat 27 septanm 2021 an pou detèmine estati vaksinasyon travayè nan etablisman swen sante yo. Yo te itilize sa pou konplete done ankèt ki enfòme sitwèb [Swivi Vaksinasyon pou Swen Alontèm pou Vaksen COVID-19](#) la, ke yo mete ajou chak jou ak enfòmasyon Etablisman Enfimye Kalifye ak Etablisman Swen pou Granmoun yo rapòte, ak sitwèb [Swivi Vaksinasyon Travayè nan Lopital](#) nou an, ke yo mete ajou chak semèn ak enfòmasyon lopital endividyèl yo rapòte.

ANFONKSYON CHIF YO

Lopital yo

Genyen 519,109 anplwaye nan lopital total nan tout eta a, ak 347,217 anplwaye swen dirèk / ki fè fas ak pasyan.

- 92.3% nan tout anplwaye yo ak 93.3% anplwaye swen dirèk yo te resevwa omwen yon dòz
- 85.2% nan anplwaye yo te konplete seri vaksen yo, epi yon lòt 7% te resevwa yon dòz
- Pousantaj sa yo ka konpare ak anplwaye nan swen dirèk yo - 86.3% te konplete seri vaksen yo epi yon lòt 7% te resevwa premye dòz yo
- 4.9% anplwaye ki kalifye sou plan medikal pou resevwa yon vaksen, men ki te refize fè sa, diminye lejèman pami anplwaye swen dirèk yo a 4.7%
- 2.4% anplwaye pral vaksinen men yo toujou ap tann premye dòz yo epi 0.5% anplwaye pa kalifye sou plan medikal
- Pousantaj sa yo menm jan ak travayè swen dirèk yo, avèk 1.6% k ap tann premye dòz yo ak 0.4% ki pa kalifye sou plan medikal

Mezon Retrèt yo

Genyen 143,753 anplwaye nan lopital total nan tout eta a, ak 92,260 anplwaye swen dirèk / ki fè fas ak pasyan.

- 92.6% nan tout anplwaye ak 92.3% nan anplwaye swen dirèk yo te resevwa omwen yon dòz
- 81.1% nan anplwaye yo te konplete seri vaksen yo, epi yon lòt 11.5% te resevwa yon dòz
- Pousantaj sa yo lejèman pi ba pami anplwaye swen dirèk yo - 79.1% te konplete seri vaksen yo epi yon lòt 13.2% te resevwa premye dòz yo
- 5.7% anplwaye kalifye sou plan medikal pou resevwa yon vaksen, men refeze fè sa
- Pousantaj sa lejèman pi wo pami anplwaye swen dirèk yo a 6%

- 1.3% anplwaye pral vaksinen men yo toujou ap tann premye dòz yo epi 0.4% anplwaye pa kalifye sou plan medikal
- Pousantaj sa yo sanble anpil ak pousantaj travayè swen dirèk yo, avèk 1.3% k ap tann premye dòz yo ak 0.5% ki pa kalifye sou plan medikal

Etablisman swen pou granmoun

Genyen 29,464 anplwaye nan lopital total nan tout eta a, ak 15,395 anplwaye swen dirèk / ki fè fas ak pasyan.

- 89.3% nan tout anplwaye ak 88.7% nan anplwaye swen dirèk yo te resevwa omwen yon dòz
- 82.9% nan anplwaye yo te konplete seri vaksen yo, epi yon lòt 6.4% te resevwa yon dòz
- Pousantaj sa yo ka konpare ak anplwaye nan swen dirèk yo - 81% te konplete seri vaksen yo epi yon lòt 7.7% te resevwa premye dòz yo
- 6.6% anplwaye kalifye sou plan medikal pou resevwa yon vaksen, men referè fè sa
- Pousantaj sa lejèman pi wo pami anplwaye swen dirèk yo a 7%
- 3.5% anplwaye pral vaksinen men yo toujou ap tann premye dòz yo epi 0.6% anplwaye pa kalifye sou plan medikal
- Pousantaj sa yo prèske menm janl ak pousantaj travayè swen dirèk yo, avèk 3.7% k ap tann premye dòz yo ak 0.6% ki pa kalifye sou plan medikal

Lendi swa, Gouvènè Hochul te siyen yon [Dekrè Egzekitif](#) pou elaji mendèv ki kalifye a epi otorize plis travayè swen sante administre tès ak vaksen COVID-19 yo. Anplis, Gouvènè Hochul te òdone yon Sant Operasyon 24/24, ki dirije pa Depatman Sante Eta New York la, pou kontwòle konstaman operasyon ak tandans nan tout eta a, bay enstriksyon a etablisman swen sante yo epi ede rezoud sityasyon ki grav ak founisè yo jan sa nesèsè. Gouvènè a kontinye angaje nan sansibilizasyon kontini ak ofisyèl eli lokal, lopital, lidè travayè, ak lòt òganizasyon swen sante yo pou anrejistre estati anplwaye yo epi ofri asistans Eta a.

Dapre règleman Depatman Sante Eta a te soti a, tout travayè swen sante nan Eta New York, nan lopital ak nan mezon retrèt yo, gen obligasyon pou yo vaksinen kont COVID-19 la ak premye dòz la, jiska lendi 27 septanm, epi pèsònèl nan lòt antite yo, ki enkli etablisman swen adomisil, ospis, ak swen pou granmoun yo dwe vaksinen anvan 7 oktòb. Règlemantasyon an aplike tou pou tout anplwaye medikal eta a ak sa ki gen kontra ki egzèsè nan Eta New York.

###

Lòt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)